

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu skripsi judulna “Ajén Éstétitika dina Kasenian Lodaya Winduraja di Yayasan Galoeh Éthnic Winduraja Désa Winduraja Kecamatan Kawali pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII”. Ieu panalungtikan nyokona kana kana pedaran éstétika dina kasenian Lodaya Winduraja. Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun métode kualitatif déskriptif, kalayan maké téhnik talaah pustaka, obsérvasi, wawancara jeung dokuméntasi. Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal, di antarana: sajarah kasenian Lodaya Winduraja, prak-prakanna, pungsi Lodaya Winduraja di Désa Winduraja Kecamatan Kawali, Ajén éstétika anu nyangkaruk dina kasenian Lodaya Winduraja, sarta ngalarapkeun ajén éstétika anu nyangkaruk dina Lodaya Winduraja pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII.

Sajarah Lodaya Winduraja. Gelarna kasenian Lodaya Winduraja kira-kira taun 2011 di Désa Winduraja Kecamatan Kawali. Ieu kasenian téh mangrupa hasil réka kréasi Kang Gusmara (Pupuhu Yayasan Galoeh Éthnic Winduraja) tina kasenian titinggalan karuhun nya éta Méng Mléng. Jaman baheula Méng Mléng téh dipaké pikeun tutunggulan Éyang Maharaja Sakti waktu disunatan, taun 70-an ieu kasenian téh ngan ukur dipintonkeun dina helaran acara Agustusan wungkul. Lantaran, Méng Mléng mangrupa kasenian anu sakral, sarta teu sagawayah jalma bisa mintonkeun, ti dinya éta kasenian diréka kréasi deui ku Kang Gusmara nepi ka robah ngaran jadi Lodaya Winduraja. Prak-prakan kasenian Lodaya Winduraja. Dina mintonkeun kasenian Lodaya Winduraja aya dua wangun pagelaran nya éta helaran jeung drama tétrikal. Pintonan dina drama tétrikal jeurna sok disaluyukeun ogé jeung jejer acarana, sangkan panongton teu ngarasa bosen. Dina mintonkeunna euweuh sarat kudu nyadiakeun sasajén atawa ritual husus sakumaha ilaharna, paling dina copélna ngan ukur hadorohan, sangkan pintonanna lungsur-langsar. Pungsi Kasenian Lodaya Winduraja di Désa Winduraja Kecamatan Kawali. Unggal kasenian tangtu miboga pungsi sarta

Reni Anggraeni, 2014

*AJÉN ÉSTÉTIKA DINA KASENIAN LODAYA WINDURAJA DI YAYASAN GALOEH ÉTHNIC WINDURAJA DÉSA WINDURAJA KECAMATAN KAWALI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tujuan nu béda-béda, kitu ogé jeung kasenian Lodaya Winduraja salian ti jadi hiburan pikeun masarakat, tapi ogé mibanda fungsi pikeun kaéndahan, kréativitas, komérsial jeung ékspresivitas.

Ajén éstétika anu nyangkaruk dina kasenian Lodaya Winduraja ditilik tina ajén éstétis atawa ajén murni nu ngawengku wujud (kostum lodaya, baju jeung panglengkep, gerak, sora, waditra jeung drama), sarta ajén ékstra éstétis atawa ajén tambahan. Kaéndahan anu nyangkaruk dina kostum lodaya, aya dina pamilihan bahan-bahan saperti karung goni, tapas (sabut kalapa), koran, jeung ban mobil nu dipaké pikeun nyieun wangun lodaya tangtu katempo ajén ékstrinsikna, lantaran nu tadina bahan-bahan anu geus teu dipaké deui dirobah jadi karya seni anu ngahasilkeun kaéndahan, nya éta kostum lodaya anu mirip jeung maung. Dina kostum jeung panglengkep, kostum nu dipaké nayaga nya éta baju kamprét hideung jeung calana pangsi, tuluy maké panglengkep saperti iket, pin kujang, kalung, jeung geulang. Salian ti miboga fungsi pikeun kaéndahan, kostum nu dipaké ogé miboga ma'na sarta ngalambangkeun idéntitas diri palaku nu maén dina éta kasenian. Gerakan dina kasenian Lodaya Winduraja ogé miboga fungsi kaéndahan, éta hal bisa ditilik tina gerakanna, disaluyukeun jeung témpo sarta wirahmana. Dina waditra kaéndahanna nyangkaruk dina sora anu kaluar tina unggal waditra, sanajan béda-béda tapi bisa jadi harmonisasi anu éndah. Salian ti éta, seni drama anu dipintonkeun dina Kasenian Lodaya Winduraja téh kaasup kana drama tétrikal, kaéndahanna nyangkaruk tina *gerak-gerik* pamaén nu saluyu jeung watekna, tuluy dina cara neuleuman peranna séwang-séwangan. Ajén éstétika nu ditilik tina ajén ékstra éstétis atawa ajén tambahanna aya dina dedeg pangadeg manusana salaku palaku seni dina kasenian Lodaya Winduraja, jadi lamun euweuh nu merankeun mah tangtu moal katempo éndah atawa henteuna. Satuluyna, aya ogé alam jeung sasatoan. Alam nyadiakeun bahan-bahan pikeun ngajieun wujud lodaya saperti hulu lodaya dijieun tina rangka kai, tuluy panglengkepna saperti geulang jeung kalung dijieun tina kai jeung awi. Umpama sasatoan mah, jadi inspirasi pikeun gerakan-gerakan jeung wujudna. Sato nu jadi inspirasina nya éta maung.

Ajén éstétika anu nyangkaruk dina kasenian Lodaya Winduraja bisa jadi salasahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna matéri ngeunaan budaya nya éta “Maca bahasan kasenian”. Ku lantaran matéri ngeunaan éstétika kaasup kana matéri nu rada hésé, jadi nu saluyu pikeun nyumponan ieu pangajaran téh nya éta siswa SMA kelas XII. Dina pangajaran basa Sunda di SMA kelas XII aya pangajaran maca bahasan kasenian, jadi ieu matéri ngeunaan ajén éstétika anu nyangkaruk dina kasenian Lodaya Winduraja di Désa Winduraja Kecamatan Kawali bisa dilarapkeun dina pangajaran maca bahasan kasenian anu luyu jeung Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP).

## 5.2 Saran

Dumasar kana kacindekan, aya sawatara saran pikeun lajuning laku ieu panalungtikan maca, hususna maca bahasan ngeunaan kasenian. Dipiharep ieu hasil panalungtikan ngeuyeuban kana kasenian tradisional nu aya di Jawa Barat, hususna kasenian Lodaya Winduraja. Sangkan ieu kasenian teu tumpur, aya sababaraha saran nu ditujukeun ka: 1) lembaga-lembaga kasenian; 2) guru; 3) mahasiswa; jeung 4) masarakat umum.

### 1) Lembaga-lembaga Kasenian

Lembaga-lembaga kasenin dipiharep sangkan leuwih ngainvéntarisir kana budaya jeung seni, hususna kasenian-kasenian nu aya di Jawa Barat.

### 2) Guru

Ieu hasil panaluntikan bisa dipaké bahan pangajaran, saluyu jeung *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran* (RPP) nu geus disadiakeun dina bab IV.

### 3) Mahasiswa

Kasenian Lodaya Winduraja bisa ditalungtik deui leuwih jero jeung leuwih husus, sangkan kaguar deui hal-hal séjénna.

#### 4) Masyarakat Umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salasihiji sarana pikeun masarakat umum mikawanoh leuwih jembar ngeunaan Kasenian Lodaya Winduraja. Salian ti eta, masarakat dipiharep bisa leuwih ngaraksa jeung ngariksa kabudayaan urang, sanajan éta kasenian Lodaya Winduraja mangrupa hasil réka kréasi tina kasenian titinggalan karuhun.